ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№10 (23.168) • 2016 гъэм щІышылэм (январым) и 22, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий КъБР-м Террорым пэщІэтыныкІэ и комиссэм и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ республикэм Террорым пэщІэтыныкІэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ Террорым пэщІэтыныкІэ лъэпкъ комитетым и аппаратым и унафэщІым и япэ къуэдзэ Ильин Евгений, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и къуэдзэ Попков Валерий, КъБР-м и Правительствэм, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, кІалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэр кІэщІзэІуихым республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий кІэщІу къиГэлъэГуащ 2015 гъэм комиссэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм къриКІуа Іуэху нэхъыщхьэхэр. Республикэм экстремист щІэпэхьаджэщхэр иджыри зэрыщІыпэм и мызакъуэу, дунейпсо терроризмэм зызэрызыкъуихэр къэпльытэмэ, терроризмэм пэщІэтыныкІэ Іуэхущ щІапІэхэм я къарур нэхъыбэу зыхуэунэтІауэ щытар экстремистхэмрэ террористхэмрэ я зэгухьэныгъэхэр къэльытэныгъэмрэщ, апхуэдэ зэгухьэныгъэхэр къыщІэхъу щхьэусыгъуэхэмрэ Іэмалхэмрэ щымыгъэІэныбгъ, профилактикэ, оперативнэ лэжьыгъэхэм я къызэгъэпэщыкІэр егъэфэкІуэнырщ, терроризмэм и идеологием нэхъ тегушхуауэ ебгъэрыкІуэнырщ.

ШынагъуэншагъэмкІэ органхэмрэ къэралыгъуэ органхэмрэ я федеральнэ, щІыналъэ Іэнатіэхэр зэщІыгъуу зэдэлажьэуэрэ, щхэурылажьэ щІэпхъаджащІэхэм хэщІыныгъэшхэр иратащ. Абы къыхэкІыу Іэщэрэ къаГауэ пкъыгъуэзэрэ къаГэсэбэпурэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм кІэрыкуащ.

2015 гъэм мазаем и 20-м КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ нэрылъагъуу нэхъыбэ ящІащ хэгъэзыхь щымыІэу цІыхухэм ят Іэщэмрэ щэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ япэкІуэ ахъшэр. Илъэс кІуам республикэм и цІыхухэм апхуэдэ Іэщэ зэмылІэужьыгъуэу 45-рэ ятащ.

КъБР-м Террорым пэщІэтыныкІэ и комиссэм зэпымыуу и нэІэтетщ Іуэхущ Іанлэ, ухуэныгъэ хэхахэр, псэуныгъэ зэпльыта Іэнатіэхэр, щІыку кІуэд щыІэхьыжьэ щІыпІэхэр террорым зэрыщащхъумэм.

Республикэм и Правительствэм хагъэхьащ КъБР-м экстремизмэр къэмыгъэхъунымкІэ профилактикэмрэ щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыныкІэ я лъэныкъуэкІэ гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я лэжьыгъэр зэгъэуІунымкІэ министрым и кулыкъыр. Апхуэдэу унафэ къащтащ республикэм и еджапІэ, спорт Іуэхущ Іанлэ псоми Правительствэм и лэжьакІуэхэмрэ Парламентым и депутатхэмрэ ирагъэбыдыпІэну. Аэр дэІэпыкъуэгъу хьунущ щІалэгъуалэм драгьэкІуэкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэр егъэфэкІуэнымкІэ. Мы лжьыгъэм апхуэдэу жьыджэру къыхоуиз граждан жылагъуэ Іуэхущ Іанлэхэри: политикэ партхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, ветеран, щІалэгъуалэ зэщІэхьеенныгъэхэр.

А псоми къадэкІуэу, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, зэкІэ къэгъэсэбэпа мыхъуа хэкІыпІэхэри мащІэкъым. Глобализацэмрэ интернетым и Іэмалхэмрэ псынщІэу зэрызауэжьи къэпльытэмэ, щІэблэщІэр экстремизмэм демыгъэхъэныкІэ хъыбарегъащІэ технологиехэм я зэфІэкІыр нэхъ нэсу къэгъэбэпыпхъащ. Апхуэдэу абы и лъэныкъуэкІэ нэсу щІэгъэкъуэн къэщІын хуейщ республикэм Террорым пэщІэтыныкІэ и комиссэм бгъэдэлъ зэфІэкІмрэ абы и полномочиехэмрэ.

2015 гъэм республикэм щыпащащ щІалэгъуалэм я зэфІэкІыр нэсу къаГэсэбэпыныкІэ ІэмалыщІэхэр къахуэзгъэпэщыным хуэгъэза лэжьигъэм. Зи ныбжьыр илъэс 16-м щегъэжьауэ 29-м ит щІалэрэ хъыджэбзу минищым ныблагъэ лэжьапІэ Іэнатіэхэм яГэуващ. Жыджэру лажьэу хуежьащ къалэн куэд щыГэгъэзащІэ республикэ щІалэгъуалэ центрыр. Абы и Іуэхущ Іанлэ муниципальнэ районхэм тху къыщызэІуахащ. Апхуэдэу 2015 гъэм и кІэуихым Налшык къалэм лэжьэн щыщІидзащ «ДыгъафІэ къалэ» сабий творчествэмкІэ академие» иджыпей Іуэхущ Іанлэ шхуэ. Абы зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ сабийуэ 200 зыщІэс лицей, еджакІуэхэм я зэфІэкІым щыхагъахъуэ школ, музыкэмкІэ, гуазджэмкІэ, хореографиемкІэ, спортымкІэ щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт центр, «Сабий технопарк», техническэ моделхэмрэ компьютер технологиехэмкІэ лабораторэ, правовой гъэсэныгъэм телажьэ пэш, нэгъуэщІ центр хэхахэр хэтщ, псори зэхэту сабий минитхум ябгъагъ къыщІыбыдэу. А Іуэхущ Іанлэр, абы ещхь адрей гъэсапІэхэр цІыкІухэм я творческэ зэфІэкІым зегъэужьыным къыдэкІуэу телажьэнущ щІалэгъуалэр радикальнэ Іуэхухэм демыгъэхьэхьыни.

Унафэ пыухыкІахэр къащтащ Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ Іанлэм нэхъ тэмэму дэлэжьэныр, абы зыхуэфащэ дэІэпыкъуэгъэхэр етыным теухуауэ. Абу Хьэнифэ и цІэр зезыхьэ ислъам университетым Налшык щыхуахъа плІыуэ зэтет унэ зэгъэпэща, дин зэгухьэныгъэхэм я лэжьакІуэу 159-м мазэ къэс ират стипендиехэм хухагъэхъуащ. Нэрылъагъуу нэхъ зэщІэгъэуІуауэ екІуэкІыу хуежьащ цІыхухэм я дин зэхэщІыкІыр къэІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэр. КъБР-м ис лъэпкъхэм я социальнэ, щэнхабзэ псоукІэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр пхыгъэкІыным хуэгъэза Іуэхухэр зэфІагъэкІ.

Экстремист бандэ гупхэм зэрахэтым ныкъэкІыу къалъыхъуэхэм я Іыхьлыхэм зэрадэлажьэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейм щыгъэпсэлъыхьым КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхкІащ: «Дэ дыщыГуаузэу дыщытын хуейщ КъБР-м щалъуаехэм ящыщу терроризмэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр зэралэжьам къыхэкІыу яГэтІысауэ щысхэр зыхуэдизым, тезырыр яухыу къауТІыпщыжахэр зыхуэдизым, абыхэм иджипсту ящІэмрэ здэщыІэ щІыпІэмрэ. Мис а Іуэхухэр нэхъ куууэ зэхэгъэкІыным Іэмал кІитынущ «2013-2018 гъэхэм Урысей Федерацэм терроризмэм и идеологием щІэпэщІэныныкІэ комплекс планым», Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ зэхалъхьам икІи абы кІиущам, къыщыгъэува къалэнхэр тэмэму зэфІэгъэкІыныкІэ».

КІуэкІуэ Юрий къыпсэлъам къыщигъэлъэгуащ муниципальнэ щІыналъэ щхьэхуэхэм террорым пэщІэтыныкІэ я комиссэхэр арэзы уКъущу зэрымылажьэр, нэхъ япэкІэ къащтауэ щыта унафэхэр зэрагъэзащІэм тэмэму зэрыкІэлъымылпльр. «ЗэщІыгъуу дызэдэлажьэмэщ экстремизмэм и идеологием щІалэгъуалэр емыгъэтхъэкъуныкІэ къалэным дыщыпэлъэщынур, щІэблэм я зэфІэкІыр тэмэму щыдунэтІыфынур, республикэм жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыныгъэ щыщыІэнур», - жиІащ абы.

Республикэм и унафэщІым къызэрилъытэмкІэ, дызыхьхьа илъэсыр жыжьэуи екІуэкІыныкъым. Иджыпсту КъуэкІыпІэ Гъунэгъум, Украинэм, дунейм и нэгъуэщІ щІыналъэ зыбжанэми щыІэ щытыкІэр нэхъ тКІий хъу зэпытщ. Урысейм и цІыхухэм, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ящыщхэри яхэту, зыщагъасэ «Ислъам къэралыгъуэ» жьхуаІэм Сирием, нэгъэщІ къэрал зыбжанэм хуиныдэ щІыналъэхэм. Апхуэдэ цІыхухэм Іэ- мал зэриІэкІэ нэхъ псынщІэу къагъэзэжу ди щІыналъэм терроризмэм пыщІа щІэпхъаджагъэ зэмылІэужьыгъэхэр нэхъри къеІэт, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я Іэужь псоми нэхъри нэхъ тКІийуэ дапэщІэувэну къытхуегъэувэ», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м Террорым пэщІэтыныкІэ и комиссэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм къриКІуахэм я гугъу щищІым, Ильин Евгений къыхигъэщхьэхкІащ иужьрей илъэсищым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щалэжь терроризм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр нэрылъагъуу нэхъ мащІэ зэрыхъуар: «Республикэм и щІыналъэм щыІэ бандэ гупхэм хэщІныныгъэшхэ ираташ. Иужьрей илъэсхэм нэхъ мащІэ хъу зэпытщ щэхурылажьэ бандэхэм хэтхэм я бжыгъэр». А псоми къадэкІуэу Ильин Евгений къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ Террорым пэщІэтыныкІэ комиссэм и аппаратым и лэжьакІуэхэм я Іэщ-гъэм хагъэхъуэн, терроризмэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкІэ программэхэм я зэхэтыкІэр щІэпщытыкІын, экстремист Іуэхухэм къыпыкІыну трагъуэу къэзыгъэзэжаэр гъащІэм хэзгъэжьныныкІэ ядэІэпыкъун зэрыхуейм.

Урысейм Террорым пэщІэтыныкІэ и лъэпкъ комитетым и аппаратым и унафэщІхэм пщІэшхуэ къыхуащІащ КъБР-м Террорым пэщІэтыныкІэ и комиссэм и лэжьакІэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанлэ.

● Зэ1ущ1э щхьэпэ

Сымаджэщым щІэупщІакІуэ кІуэхэр ягъэмэщІэнущ ОРВИ-м зыщиубгъу лъэхъэнэм

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - узынШагъэмкІэ министр Шэт Ирмэ гриппым теухуауэ медицинэ Іуэхущ Іанлэхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэр зыхэт зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

МИНИСТРЫМ къыхигъэщащ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм грипп хьэлъэр зыпкъыт зэрыщамытхар, ауэ гъунэгъу республикэхэм щытыкІэ гугъу зэрыщыІэр. Абы къыхэкІыу, щІыналъэхэр зэпыщІауэ жьыджэру зэрызэкІэлъыкІуэр къэплъытэмэ, КъБР-ми узыфэм зэрызыщиубгъуным хуэхьэзыру щытын хуейщ, профилактикэ Іэмал псори къэгъэсэбэпауэ.

Шэтым унафэ ищІащ, псом я1раУуэ, медицинэ Іуэхущ Іанлэхэм профилактикэ зэрыраГэкІуэкІынум теуХуа хъыбарэр щІыхуэхэм я деж нахьэсыну, апхуэдэу а Іуэхум хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр къыхашэну. Абы къыхигъэщащ мы лъэхъэнэм щыІэ гриппыр псом хуэмыдэу щІыхьэ уэнджэгъуэхэмкІэ, сабийхэмкІэ, уз гъэтІыпІэ, фошыгъуу уз зиІэхэмкІэ шынагъуэу зэрыщытыр. Вице-премьерым дохутырхэм яжриІащ гриппым и нэщэнэхэр яІэу гу зыльата я симаджвхэм нэхъ гулъытэ хуащІыну, ар хагъэтІасэу пневмоние узыфэм намыгъэсыну.

ОРВИ-м зыщиубгъу лъэхъэнэм поликлиникэхэм я регистратурэхэр щІыхь нэхъыбэм зыкъызэрыхуагъазэм тещІыхьауэ я лэжьыгъэр яубзыхупхъэщ. Симаджэщхэм санэпидемие хабзэхэр щагъэткІиинуц: щІэупщІакІуэ къакІуэ благъэ-Іыхьлыхэм я бжыгъэр яГэмэщІэнущ, абыхэм я Іэхэр щагъэжьэбзэн Іэмэпсымэхэр яГэувыныщ.

Профилактикэ и лъэныкъуэкІэ, сымаджэхэр къэхутэныкІэ район сымаджэщхэм я лэжьакІуэхэр унагъуэ къэс я Іуэху зытетыр зрагъэщІапхъэщ. Школкэмрэ сабий садхэмрэ щыІэ медицинэ лэжьакІуэхэр кІэлъыплъынущ ОРВИ-м и нэщэнхэр зиІэу гу зыльата сабийхэр Іуэхущ Іапіэхэм ямыгъэкІуэныным.

Зэ1ущ1эм щытепсэлъыхьащ гриппыр къызыпкъырыхьар сымаджэщым зэрагъэгъуэльыпІэ пыщІа хабзэхэм, медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм я терапевтхэм ящІэн хуейхэм. Сымаджэщхэм я унафэщІхэм жаІащ гриппым зэрыпэщІэтын хущхъуэхэр зэраІэр, хуей хъумэ, гъэлъыпІэ лейхэр зэрагъэувынур. Іэщ1агъэкІыным къыхагъэщащ республикэм и цІыхухэм гриппым зэрыпэщІэт мастэхэр и зэманым зэрыхалъхьар. Апхуэдэу гриппымрэ пневмококк узыфэ зэрыщІалэмрэ и мастэхэр республикэм и цІыхухэм я процент 30-м хаІуащ, мы зэманым узыфэм щыналъэм зэрызэщІмыубгъуным и щхьэусыгъуэр аращ.

СПИД-мрэ узыфэ зэрыщІалэхэмрэ япэщІэтыныкІэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Иуан Маринэ къыхигъэщащ: «Мы зэманым нэхъыщхьэр профилактикэрщ. Ар бгъэзэщІэну тыншщ икІи мыхьэнэшхуэ зиІэщ: щІэх-щІэхыуэ фи Іэхэр фтхъущ, І1эмытхъэщІкІэ фи нэкІум фемыІуСэ, пэшым жьы щІевгъахуэ, фыкъыщепкІэ фи Іэгур фи Іуп1эм Іувмылъкъэ, атІэ зэ фІэкІа къамыгъэсэбэп бэлътокукІэ е фи ІэщъхьэмкІэ фубыд, фыкъэзыхуреихьхэм сымаджэ яхэтмэ, нэкІуІулъхьэхэр зефхьэ, щІыІэм зевмыгъэс, фи шхыныгъэм бжьынрэ бжьыныхурэ хэвгъэхьэ, цІыху куэд здэщыІэ щІыпІэхэм фымыкІуэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэр нобэ щыщІэдэхуэу медицинэ Іуэхущ Іанлэхэм я1э сымаджэхэр зыхуэдизым махуэ къэс кІэлъыплъынущ, а Іуэхум теухуауэ пІащІэгъуэкІэ дохутырхэр здэпсэлъэну телефонхэр лэжьынущ.

Республикэм и цІыхухэм папщІэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм пІащІэгъуэкІэ здэпсэлъэну телефонхэр мэлажьэ: щыщІэупщІэ къудамэ - 40-15-65, сабийхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр къыщызэрагъэпэщ къудамэ - 40-82-66, балигъхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етынщ къыщызэрагъэпэщ къудамэ - 40-09-11.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іанлэ.

★ Ди къуэш республикэхэм

Урысейм и Президентым Іоущ1э

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир хуэзащ1ыкІыр и Іэтащхьэ Темрезов Рашид. Ахэр тепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм, зэфІагъэкІагъэм, къапэщыт къалэнхэм.**

ЕХЪУЛІЭНЫГЪэ зэхьущІэу Темрезов Рашид къызэрыгъэщащ федеральнэ центрым ахьшэшхуэ зрит щІыналъэхэм иджы япэу къызэрыхэкІар. - КъШР-р иджы зыхьыхьэр къызэрыгуэкІ дотацэ зыІэрыхьэхэрщ. «Лжьыгъэшхуэ едгъэкІуэкІащ дэ ешым ди хэхъуэхэр нэхъыбэ хъуным теухуауэ», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Тыркум къраш ерыскъыхэкІхэр ягъэмащІэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Правительствэм Тыркум къраш бдзэжьейхэр, хадэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ игъэмэщІащ.***

АБХЪАЗЫМ и Правительствэм игъэбдежьилащ Тыркум кърашым ящыщу 2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ ягъэмэщІэнхэр. А унафэм Іэ щІидзащ премьер-министр Миквабия Артур. Абы хохьэ бдзэжьейхэкІэр, кІэртІоофыр, бжьыныр, къэбыстэр, нащэр, нэгъуэщІ хадэхэкІхэри. ПхъэщхьэмыщхьэхкІэм хеубыдэ цитрусхэр, жьыузмыр, жьуаныр, хъарбызыр, мыІэрысэр, къъужьыр, хьэиуэр, хуэрэджэр, балиир, - къет Правительствэм и пресс-Іуэхущ Іанлэм.

Лэжьапіэншэхэр нэхъ мащІэ мэхъу

АДЫГЕЙ. ***Илъэс кІуам Адыгейм лэжьапІэншэу зезыгъэтхаэр цІыху мини 10 мэхъу.***

РЕСПУБЛИКЭМ и премьер-министр КъумпІыл Мурат жиІащ апхуэдэхэр гъэбелджьылымкІэ ехьэлІа лэжьыгъэр нэхъри щІагъэхуэбжьну.

Адыгейстатым къызэрыпымкІэ, нэгъабэ щэкІуэгъуэм и кІэм лэжьапІэншэт Іэнатіэ щыІутырыну ныбжьым хиубыдэ цІыхухэм я процент 1,3-р. Ильэсыщ1эм Адыгейр яхьыкащ лэжьапІэншэхэр куэдкІэ нэхъ мащІэ щыхъуа щІыналъэхэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Бахъсэн щІыналъэ

Дерс тхуохъу

Къуажэдэс 738-м Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм нэгъабэ тхылъкІэ зыхуагъэзащ. Щ1ыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн 139-рэ иригъэблагъащ.

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭХЭМ я нэхъыбэр псэукІэм, дэІэпыкъуныгъэм, щІым, ЖКХ-м пыщІа Іуэхухэм ятеухуащ.

Районым и Іэтащхьэм и цІыкІэ ятх тхыгъэхэм езыр хопІэ.

- ЦІыхухэм я Іуэху еплъыкІэхэр нэхъ жьыджэру къаІуатэу хуежьащ. Яхуэ псэупІэхэр, сату щІапІэхэр хабзэм зэрэпсэуным щІоупщІ, спорт зыгъэсапІэхэр, щІэзэз амбулаторэхэр, сабий садхэр ящІын зэрыхуейр къагъэпагъуэ. Ар дерс тхуохъу - щІыпІэ властыр зыхуэмызсхэм, нэхъ дызэгугъупхъэу тІащІэкІхэм, махуэ къэс ди нэІэ зытетыпхъэхэм гу лъыдагъатэ. Властымрэ къэралымрэ цІыхухэм хуащІыну дзыхьыр зыхуэздэр я тхыгъэхэм дызэрыхэплъэ щІыкІэм елъытащ. Абыхэм къыхалъхьэ Іуэхугъуэхэм ящІыщхэ социально-экономикэ зыужьныгъэм тещІыкъа къэрал, муниципальнэ программэхэр щыдгъэхьэзырКІэ къэдгъэсэбэн хъунущ, - жеІэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн.

Муниципалитетым и унафэщІхэм щІыхуэр щрагъэблагъэ зэманыр администрацэм и официальнэ сайтым къыщыхьащ, щІыналъэм и Іэтащхьэм и Интернет-хэщІапІэм ятх хъунущ, «Къуажэдэс жыджэр» зэІущІэм зыхуей чэнджэщхэр щагъэутынущ.

ЧЫЛАР Аринэ.



Хэт нэхъ лъэщыр?

Дунейм щынэхъыфІыр сыт хуэдэ къэралхэра? Апхуэдэ упщІэ иджыблагъэ иратащ къэрал 36-м щыпсэухэм ящыщу щІыхуэ мин 16-м.

Къэралхэр къызэрапщытэ Іуэхугъуибгъуэм я нэхъыщхьэр щІыхуэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщыным зэрехьу-лІэрщ, абыкІэ властым и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр зэригъэзащІэрщ, хьэрычэт Іэнатіэр зэрыт щІыпІкІэхэрщ. Псэныкъуэ псомкІи зэпалъыта нэужь дунейм щынэхъ лъэрызехьэ дыдэ къэралитхур наІуэ къэхъущ. Ахэр Германиерщ, Канадэрщ, Инджылызырщ, США-рщ, Швециерщ.

Зи дзэр нэхъ лъэщ дыдэу къалъытар США-рщ. Абы кІэлъокІуэу УФ-мрэ Китаймрэ. ЕплІанэ, етхуанэ увыпІэхэр абыкІэ Германиемрэ Инджылызымрэ иратащ.

Я экономикэм нэхъ псынщІэу зиужьу къалъытащ Индиер, Сингапурыр, Китайр. А лъэныкъуэмкІэ Урысейм 10-нэ увыпІэр къыльагъэсащ.

Щ1ытыкІэр зэщІоплъэ

Сирием и правительствэмрэ абы къыпэщІэт гупхэмрэ зэгурыгъэІуэжьным хуэгъэза зэпсэльэныгъэхэр щрагъэкІуэкІыну зэІущІэу щІышылэм и 25-м траухуар нэхъ гъунэгъу къэхъуху террористхэм щытыкІэр нэхъри къызэщІагъаплъэ.

«А къэралым мамырыгъэр щІызэфІэгъуэвэжьым икъуКІэ зэранышхуэ хуохьу къэрал зыбжанэм террористхэр Іэщэкіэ, нэгъэщІ зыхуеинухэмкІэ къызэрызэрагъэпэщым, - жиІащ УФ-м и МИД-м и лІыкІуэ Захаровэ Марие. - Абыхэм къызэпауд ООН-м ШынагъэншагъэмкІэ и Советым Сирием теухуауэ къыщта унафэри».

Захаровэм къызэрыхигъэщамкІэ, Джабхат-ан-Нусрэ, Ахрар-аш-Шам гупхэм иджыблагъэ къаІэрыхьащ Тыркум къыхурашэ Іэщэхэр. Апхуэдэуи террористхэм гъэпщкІупІэ яхуэхьункІэ хъунущ тырку-сирие гъунапкъэм деж щауХуэ быдапІэхэр.

♦Польшэм щагъэлъапІэ Адэшхуэхэм я махуэр

♦Исландием Зэщхьэгъуэсэхэм я махуэр щагъэлъапІэ

♦Нартыху гъэпІэнкІам и махуэщ. МафІэ гуащІэм тет шыуанэм нартыху хьэдзэ зыбжанэ ибдзэмэ, уэс Іэтэм хуэдзу къызэрыбырыбым япэу гу лъатащ 1630 гъэм.

♦1517 гъэм Мысыр щэрджэс мамлюкхэмрэ тыркудзэмрэ Каир пэмыжыжьэу зэзэуэн щыщІадзащ.

♦1969 гъэм КПСС-м и Секретарь Нэхъыщхьэ **Брежнев Леонид** яукІыну хэтащ.

♦Инджылыз усакІуэ **Байрон Джордж** къызэралъхурэ илъэс 228-рэ ирокъу.

♦Сабий тхакІуэ **Гайдар Аркадий** (и унэцІэ дыдэр Голиковщ) къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Совет физик, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м Щ1ыныгъэхэмкІэ и академием и академик, Нобель и саугъэтым и лауреат **Ландау Лев** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артистка **Талызинэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **УнащІэ Розэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей актёр, продюсер, нэтынхэр езыгъэкІыжьэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Ярмольник Леонид** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Жьы зэрымысым нэмыс иІъкъым, щІэ зэрымысым насып иІъкъым.

Газыр хуаутІыпщыж

● Зэгъэпэщыжьныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым хьыхь Іуащхьэмахуэ щІыналъэм кІуэцІрыкІ газ бжьамий нэхъыщхьэу щІышылэм и 18-м мывэ-пшахуэу зыхэлъ ятІэпс къехам зэпиудар зэрагъэпэщыжащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР зэфІэкІыху газынщэу къэнащ Тырныауэз къалэр, Эльбрус, Терскол, Нейтринэ, Бахъсэн Ипщэ, Гундэлэн, Тегенекли, ЛэшкІытІэ, Былым, Бейдыдж, Челмас, Байдаевкэ, Жанхъуэ текъуэ жылагъуэхэр.

Бжьамийр зэгъэпэщыжьын щІадзащ щІышылэм и 19-м икІи сихьэт пщыкІуэм къриубыдэу цІыхухэм газыр хуауТІыпщыжащ. «Лэжьыгъэр зэфІагъэкІащ Георгиевск щІыІэ газ зэрыкІуэ бжьамий нэхъыщхьэхэм якІэлъыплъ Іуэхущ Іанлэм и лэжьакІуэ 18-м, техникэ зэмылІэужьыгъуэу 9 къагъэсэбэпурэ», - щІыжаІащ МЧС-м и къудамэу КъБР-м щыІэм.

ЖЬЛАСЭ Замир.

Іуащхьэмахуэ лъапэ уэсыщхуэ къыщос

Бахъсэнщыщхьэ махуэ еплІанэ хъуауэ зэпымыууэ уэсыщхуэ къыщесми, автотранспортыр зэблэу къыхэмыкІыу зокІуэ. Ар зи фІыгъэр гъэгугъэр зезыхьэ Іуэхущ Іапіэхэр жащми махуэми я Іэнатіэм зэрыпэрытыщ. «Проходнэ - Бахъсэн - Іуащхьэмахуэ» федеральнэ гъэзэгум уэсыр щатхъу иджырей техникэу 8-м. Абыхэм яхэтщ ротор машинэ лъэщи.

УЭСЫР нэхъ псынщІэу тКІун папщІэ гъэзэгу лэжьакІуэхэм къагъэсэбэп шыгъу-пшахъуэ зэхэлъыр. Ар экологием егъэлеяуэ зэран хуэмыхьуу къалъытэ икІи гъэзэгу нэхъыщхьэхэми, хьэщІощхэмрэ Іуэхущ Іанлэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ екІуэлІэ гъэзгугъэми тракІутэ.

«Зэкіэ дэ гъэзэгуэр гъэкъэбзэным дыхунос икІи жылагъуэ транспортыр къызэтедмыгъэувыІэн тхуэзфІокІ, - жеІэ «Основа» жэуап зэхэтэщІхэзкІэ зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщІ Тхьэзэплъ Арсен. - Техникэ псори тэмэму мэлажьэ, уэсыр гъэзгугъэм я мызакъуэу, гъэзгунапщІэхэми трагъэкъэбзыкІ».

«Чегет» хьэщІэщым, Нартсанэ хуейм, Тегенекли, Эльбрус, Нейтринэ къуажэхэм, Джантуган псыхъуэм кІуэ гъэзгугъэр гъэкъэбзэным хущІокъуу Іуащхьэмахуэ щІыналъэм гъэзгугъэр зехьэным елэжь и Іуэхущ Іанлэм и техникэу 6.

ТАРИМ Алисэ.

Еш зымыщІэ

УФ-м и цІыхубэ, КъБР-м щІыхь зиІэ я сурэтыщІ, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Художествэхэмкіэ Урысей Академием и академик, ЩІДАА-м и академик, Красноярск ксилографиемкіэ щы-Іэ студием и кІыззгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ Пащты Герман республикэм исхэр зэрыгушхуэ художникщ.

УРАЛЫМ щыщІэдзауэ КъуэкІыпІэ Жыжьэм нэс, Улан-Удэ щегъэжьауэ Якутск щиухыу щегъэльагъуэ Пащтым и лэжьыгъэхэр. Зэпымыууэ и щхьэзакъуэ выставкхэр щІынальэ зэмылІэужьыгъуэхэм утыку къыщрехьэ, урысейпсо, дунейпсо зэхьхьэхэм хэтщ.

«200 гравюр Красноярской студии ксилографии» гъэпсыгъэныгъэ 2006 гъэм Китайм и къалащхьэм щекІуэкІащ. Гонконг, Пекин щыщ журналистхэр зэпымыууэ зытетхыхьа зэхьхьэшхуэщ ар. Иужькіэ 2009 гъэм и выставкхэр Китайм и къалищым щрагъэкІуэкІащ.

Герман Налшык щыщыпсэуам «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм дэлажьэу щытащ. Абы щыгъуэ республикэм и тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ я лэжьыгъэхэм сурэтхэр яхуищІырт. Иджыри дунейм къытемихьа, зыми имылъэгъуа тхылъыщІэхэм ящуу еджэурэ сурэт щІэщыгъуэхэмкІэ игъэщІращІэрт.

1965 гъэм къыдэкІа КІэщт Мухьэз и «ЩІыр къоджэ» усэ тхылъым и жинтым сурэт хуищІащ мыІэрысэ плъыжьхэр зыпыз жыгым къещІэщхьу, абы и лъабжьэм щІыхубэщІэту, 1966 гъэм къыдэкІа Агънокъуэ Лашэ и усэ сборникым тет сурэтым жыг щІагъым щІэт тетІысхьапІэм усэ еджэу пщащэ тесу къыщигъэлъэгъуащ. Абыхэм къакІэлъыкІуащ КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсин, Нало Ахьмэдхъан, Щоджэнцыкіу Нурий, Къэрмокъуэ Хьэмид, Кхъуэіуфэ Хьэчим, Бещтокъуэ Хьэбас сымэ, нэгъуэщІ куэдым я тхылъхэр. КІуащ БетІал и «Молодые журавли» тхылъым хуищІа сурэтым «Искусство книги» урысейпсо зэпеуэм и щІыкІ тхылъыр къыхуагъэфэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэ, усакІуэхэм къадэкІуэу, урыс хэм я тхылъхэми сурэтхэр яхуищІащ. Псори зэхэту тхылъ 50-м нэблагъэ Москварэ Налшыкрэ къыщыдигъэкІащ. Москва и «Советская Россия», «Детская литература» тхылъ тедзапІэхэм Лермонтовым и «Кавказ поэмэхэр» къыщыдэкІауэ щытащ.

Ижьырей илъэс 20-м тхылъ куэдым сурэтхэр яхуищІащ. Лермонтовым и поэмэхэм илъэситхум къыриубдзу гравюрэ 40-м нэблагъэ триуухуащ. Пушкиным и «Тхыгъэ къыхэхахэм» илъэсипщІкІэ елэжьащ, гравюрэ зыбжанэ хуищІ. Красноярск дэт политехникэ университетым и юбилейм ирихьэлІэу напэкІуэцІ 400 хъууэ къыдэкІа тхылъым ихуа сурэтхэм елэжьауэ щытащ. Апхуэдэу Красноярск крайр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу «Ксилографы Красноярска» альбомыр къыдигъэкІащ, пэублэ псалъэр щІынальэм и губернатору щыта Хлопонин Александр ейуэ.

Къэралыгъуэм и махуэр бгъэлъэпІэн щхьэкІэ, Іэмал имыІэу и гербыр, ныпыр бгъэлъагъуэн, гимныр жыпІэн хуейщ. Пащты Германрэ абы и ныбжьэгъу, балъкъэр лъэпкъым нэхъ сурэтыщІ лъэщу иІа Аккизов Екъубэр зэгъуэсу ящІауэ щыта гербыр 1997 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къыщтащ. Эскиз зыбжанэ къыщыхуахьысыр, яхэплъэри, пкъитІ зиІэ, зы щхьэ зыпыт дыщэ бгъэр, насыпым и дамыгъэ Іуащхьэмахуэ, зэныбжьэгъугъэм, щІалэгъуэм, зыужьыныгъэм я нэщэнэ тхьэмпищ зэгуэтыр къыщыгъэлъэгъуам къытеувыІащ.

Санкт-Петербург Репиным и цІэр зэрихьэу дэт институтыр, а къалэм гъуэзджэхэмкІэ щыІэ музейр, Москва гъуэзджэхэмкІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр хъэзыухахэр Герман и дежщ. КъищынэмыщІауэ, Якутием, Бурятием, Тыва, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къажэкІа куэд щІэныгъэм хуэпабгъуэ къакІуэурэ и мастерскойр къаух. И гъэсэнхэм я нэхъыбэр Сурэтыщіхэм я зэгуэныгъэхэм хэтхэщ, зыбжанэр профессорщ, доцентщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, и студентхэм адыгэ хабзэр зэрахилъхьэри. Ди лъэпкъым къыдэгъэгурыкІуэ хабзэхэм ахэр зэрыщыгъуазэм и мызакъуэу, зэрагъэзащІэми гу лъетэ. Псалъэм папщІэ, щыщыхьэкІэ хьэтэджурэ гуапэу сэлам кІрах, Іэнэм щысмэ, хабзэм тету, бгъэдэсщ.

Ди хэкуэгъу сурэтыщІ цІэрыІуэм кІару къыхэзыльхьэр, гукъыдэж кІэзытыр Хэкум къэкІуэжурэ зэрыщІэращ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.



Дифі догъэльапІэ

Урысей Федерацэм и цІыхубэ сурэтыщІ Пащты Герман.

● Хъыбар гуапэ

Котляров Виктор и зэфІэкІ лъагэ

«Кавказский узел» Интернет сайтым «Кавказ Ищхъэрэм и лІыхъужь» фІэщыгъэм щІэт зэпеуэ илъэс зыбжанэ хъуауэ ирегъэкІуэкІ. Абы хэтыну зыхуэфащэхэр зыубзыхури увыпІэхэр зыгуэшри сайтыр къэзыгъэсэбэпхэрщ.

ЗЭПЕУЭМ и ещанэ Іыхьэм - «Кавказым и лІыхъужь - 2014»-м - хэтыну «Кавказский узел»-м къыхихахэм хагъэхьащ Дагъыстэн, Шэшэн, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ-Аланиеі, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я лІыкІуэхэр. Ахэр жылагъуэ лэжьакІуэ Кутаев Руслан, цІыхухэм я хуитныгъэр зыхъумэжу Муцольгов Магомед, Денисенкэ Еленэ, Мурданов Асильдар сымэ, эколог Хадиков Ашэмэз, тхылъ тедзапІэм и унафэщІ Котляров Виктор сымэщ.

МахуипщІым къриубыдэу, дыгъэгъазэм и 30-м щегъэжьауэ щІышылэм и 9 хъуху, цІыху 16156-м Іэ яІэтащ. Абы кърикІуамкІэ, «Кавказым и лІыхъужь - 2014» зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Ингуш Республикэм щыщ Муцольгов Магомед. ЕтІуанэ увыпІэр ди лъахэгъу Котляров Виктор хуагъэфэщащ. Ещанэ хъуар Дагъыстэным щыщ Денисенкэ Еленэщ.

Іэ зыІэтахэр Котляров Виктор и екъулІэныгъэхэм щытепсэлъыхьым, абы Кавказым ис лъэпкъхэр зэкъуигъэувэу, лъэпкъ цІыкІурэ щэнхабзэ мыхьэнэншэрэ зэрыщымыІэр къигъэлъагъуэ зэпыту зэрыщытыр жаІащ.

ИНЭРОКЪУЭ Даниэ.

● Бокс

Балигъхэм яхохьэ

СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, бгъуэнейрэ къэралым и чемпион хъуа Королёв Николай и фэеплъу Мэзкуу щекІуэкІащ боксымкІэ балигъхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Лэшкэн Залым.

ДИ ЛЪЭПКЪЭГУМ илъэсипщІым щІигъуауэ а спорт лІэужьыгъуэмкІэ зегъасэ икІи зыбжанэрэ ди республикэм и цІэр и текІуэныгъэфІэхэмкІэ игъэІуащ. Апхуэдэу, 2010 гъэм ар къыщыхэжаныкІащ къэралпсо зэхьэзэхуэм. Иужькіэ ныбжьыщІэхэм я дунейпсо зэІуищІэхэм пашэ щыхъуащ.

Иджы ягъэ Лэшкэнэ балигъхэм я зэхьэзэхуэм хэтащ икІи Іэзагъ лъагэ хьэлъу зыкъигъэльагъуэурэ зэІуищІэм и финалым нэсащ. АрщхьэкІэ абы къыщыпэщІэтар зымащІэкІэ нэхъ лъэщу къыщІэкІащ икІи Залым къыльысар етІуанэ увыпІэрщ.

Боксёр Іэзэхэу КІэрэф Залымрэ Къудей Таукъанрэ я нэІэм щІэт ди щІалэм мы махуэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэсэныгъэхэр щрегъэкІуэкІ. Абы иужькІэ хэтынущ «Спартак»-м и кубокыр хъхьыным ехьэлІащ Краснодар щыІэну къэралпсо зэхьэзэхуэ зэІухам.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Атлетикэ псынщІэ

Кучинэм зыри къыпэлъэщыркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Кучинэ Марие текІуэныгъэ къыщихьащ «Лукашевич Юрийрэ Середкин Вячеславрэ я мемориал» XXXIV урысейпсо зэхьэзэхуэу Челябинск щекІуэкІам.

«АТЛЕТИКЭ псынщІэм и манеж» спорт комплексым прохладнэдэсым къыщыхэзринэкІащ 1 метррэ сантиметр 91-рэ хъу лъагалІэр икІи дыщэ медальр къыпысащ. Абы къыкІэлъыкІуэ Королёвэ Кристинэрэ (метр 1,88-рэ) Николенкэ Светланэрэ (метр 1,84-рэ).

Илъэсыщ1эр текІуэныгъэкІэ къызэІуэхуа, тІэунейрэ дуней псом и чемпионкэ Кучинэ Марие зэман гъунэгъум хэтынущ Урысейм и Гран-при щІымахуэ зэхьэзэхуэхэм я Іыхьитхум. Финалыр гъатхэпэм икуэм Мэзкуу щекІуэкІынущ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

«Гималаи. Тибет»

● Гъэлъэгъуэныгъэ

«Гималаи. Тибет» сурэт гъэлъэгъуэныгъэ иджыблагъэ КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщыщэІуахащ.

УТЫКУ кърахьа лэжьыгъэхэр «Псэкупсэ щэнхабзэмкІэ центр» дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «АгниФото» сурэттех агентствэм, «Агни» тхылъ тедзапІэм (Самарэ) 2003 - 2011 гъэхэм Гималаимрэ Тибетымрэ щрагъэкІуэкІа экспедицэхэм щытрахащ. Гъэлъэгъуэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэр дунейм и щІыпІэ гъэщІэгъуэнхэм кърихьэлІахэр щигъэгъуэзэнырщ. УимытхьэкъункІэ Іэмал имыІэу узэІэпащэ нэсу джа мыхъуа бгыхэм я тельыджагъым.

Гималаиращ дунейм щынэхъ лъагэ Эверест, Канченджангэ, Лходзе, Макалу, Дхаулагири, Чо-Ойю, Манаслу, Аннапурнэ, Шишэ Пангмэ, Нангапарбат Іуащхьэ къырхэр здэщыІэр. Зи цІэ къитІуа бгыхэм я сурэтхэмкІэ гъэнщІат гъэлъэгъуэныгъэр.

Лъэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуихым жиІащ сурэтхэр цІыхум и дуней лъагъукІэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэр, щІыуэпс дахащэр къэщІыхунымкІэ, и къэухым зригъэужьыныкІэ сэбэпу яхьэзрилъытэр.

Гъэлъэгъуэныгъэр игу зэрырихьар жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ выставкэ тельыджэр ди республикэм къэзышахэмрэ Іэхум и къызэгъэпэщакІуэхэмрэ.

2011 гъэм Эверест и щыгум дэкІа **Мэз Каринэ** къыщыпсалъэм къыхихьащ сурэтхэр игу зэрыдыхьар, абыхэм езым къыщикІухьа, илъэгъуа щІыпІэхэм нэгъуэщІынэкІэ зэрыраГъэплъар.

ЩІышылэ мазэм и кІэухым нэблагъэху гъэлъэгъуэныгъэр екІуэкІынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Абрэджыр токІуэ

● Бэнэкіэ хуит

Ди газетым зэрытетащ, Миндиашвили Дмитрий и цІэр зезыхьэ бэнэкІэмкІэ академием и саугъэтхэр къэхьыным теухуауэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ бэнэкІэ хуитымкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ зэІуихар Краснояркэ щекІуэкІащ. Абы и тІуанэ махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэнхэм иджыри зы дыщэрэ жэзрэ къыщахьащ.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 70-м нэблагъэхэм я гупым къыщыпэщІащ къахэкІакъым ди лъахэгъу Абрэдж Аюб. Абы зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ.

Финал ныкъуэ зэІуищІэм къыщыхагъэщІащ икІи ещанэ хъуащ ЛампІэжь Мулид (кг 74-рэ).

Илъ махуэм текІуэныгъэ къыщызыхьахэми хуэдэу, Абрэджым Іэмал игъэтащ «Голден Гран-при Иван Ярыгин» дунейпсо зэхьэзэхуэм и Іыхьэу Краснояркэ щІышылэм и 29 - 31-хэм щекІуэкІынум зыкъыщигъэльэгъуэну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Боччэр утыку кърахьэ

Лэскэн щІыналъэм хыхьэ Анзорей къуажэм дэт школ №1-м щекІуэкІащ боччэмкІэ (бочинигым ещхь спорт лІэужьыгъуэ) республикэпсо зэхьэзэхуэ. Мы зэІуищІэм кърихьэлІат зи узынщагъэм щыщІэныгъэ зиІэ сабийхэр.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуахащ Лэскэн щІыналъэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Бэрэгъун Зуберрэ ныбжьыщІэхэм я узынщагъэм щыкІэльыплъ школым и унафэщІ Кулюшин Александррэ. Мы зэхьэзэхуэр я екъулІэныгъэщІэхэм я щІэдзапІэ хъуну ахэр кърихьэлІахэм екъуэхъуащ.

Анзорей, Арщыдан къуажэхэм дэт щэнхабзэмкІэ унэхэм я гъэсэн ныбжьыщІэхэм зэхуэсыр уэрэд, макъамэхэмкІэ яГъэдэхащ.

Зэхьэзэхуэм щІидза нэужь, сабий 20 хъу гупыр тІууэ ягуэщащ. ЗэІуищІэм хэтахэм зэпеуэ гъэщІэгъуэн къагъэльэгъуащ. НыбжьыщІэхэм я нэгум кърих дрэжэгъуэм гур хигъахъуэрт, узэщІиІэтэрт.

Лэскэн щІыналъэм и Іэтащхьэ АфІэунэ Аслъэнрэ Кулюшин Александррэ къабгъэдэкІ грамотэ, медаль, саугъэтхэмкІэ цІыкІухэр ягъэпэжащ.

НАФІЭДЭ Мухьэмэд.

Зэхьэзэхуэм хэтахэр.

«ГъащІэм и гъуэгу»

● ТхылъыщІэ

Аращ фІищар Аруан Анатолэ иджыблагъэ къыдигъэкІа усэ тхылъым. Мыр усакІуэм и етІуанэ тхылъщ, абы ихуащ усэхэр, балладэхэр, сабий уэрэдхэр, усэ цІыкІу «нэщІэнкІэхэр», езы Анатолэ урысыбзэкІэ зэридзэкІыжа усэхэр. Аруан Анатолэ 1950 гъэм Къэзахъ ССР-м къыщалъхуащ, и адэ-анэр политикэ зэхэзехуэ ящІахэм ящыщу абы щыпсэуурт. Иджы ар Дыгулыбгъуей щопсэу, жылагъуэм дэс нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ, хьэрычэтщІакІуэхэм ядэІэпыкъунымкІэ Бахъсэн щІыналъэм щыІэ фондым и унафэщІщ. Езыр и Іэщ1агъэкІэ юристщ.

«УЗИЩІЫСЫМРЭ ущІэпсэумрэ кьрибгъэльэгъуэну уэ къыхэпха Іэщ1агъэр цІыкІукъым. АтІэ, сыт уи дежкІэ усыгъэр, увыпІэ щхьэхуэ уи гъащІэм щиубыдыну?», - жыпІэу дыщеупщІым, ар цІыхум нэхъри нэхъ гъунэгъу сыхуэзыщІ, си анэдэлъхубзэм и кьабзагъэр зэрысхьумэ, псалъэ къыщэрыгуэкІкІэ схуэмыІуатэ си гупсысэм гъуэгу кьезыт Іэмалщ, - къыдитащ жэуап Аруан Анатолэ.

Абы зэрысабийрэ усэ етх. Ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, ныбжь къэс езым и хъэтІ иІэжщ. АтІэ, зи ныбжьыр илъэс 65-м нэса тхакІуэр сыт нобэ нэхъ зыгъэпІейтар? Дунейм и къэхъукъащІэ шынагъуэхэмрэ ди къэпкъ машІэм и пщэдей зыхуэдэнымрэщ. А псор къэхъщу Аруаным и усэхэм ящыщ зым мыпхуэдэу щыжеІэ:

Кьалъхуагъащ1эу,
Зэмыщхь защ1эу
Лъхуап1э унэм сабий щ1эщ.
Дыгъэ-щыгъэу
Насып тыгъэу
Ахэм нэкІэ гъащІэр яз.
НэфІэгуфІэу, псэльэгуфІэу
Къуажи, къали сабий дэсщ.
Щ1ым имы1э зы Іэнап1э
А псэ Іэфіхэр здэщымы1э.
Ауэ щ1эрк1ым,
Гур мэхыщ1э,
Еш ямыщ1эу Іэщ1эу ящ1ыр
Щагъэуэнур дэнэ щ1ыпІэ?

Апхуэдэ дыдэу усакІуэр тогузэвыхь здэзэкІа, гъэпщкІуа хъуа пэжым.

Дин дахэр Іэлъыну зэблахъу,
Щхьэхуещэм и Іэпэм хуегъэхъу.
Нэмысыр мэхыщІэр, мэхъу
лъахъшэ,
Іэщ1эльщи, унафэр ещІ
ахьшэм,
Ц1ыху напэр бззэрхэм щашэч,
Гу мыгъуэр зэгуопыр, зэгуоч.
Насыпым и1эжкъым фэеплъ,
И теплъэр ятх псысэм
къыхоплъ,
Гугъэфыр бжэщхьэІум
фІэмыкІ,
Пэжыгъэр куэбжэпэм щаучІ...

Лъэпкъ хабзэр зи бащэ усакІуэм нэхъыжьхэм яхуищІ пщІэмрэ гулъытэмрэ гъунапкъэнэщэ. Апхуэдэ къабзэу абы и гур ирогъу нобэрей гъащІэ зэІумызым и гугъуэхь куэдыр япэу ялысарэ, я гъащІэ гъуэгу хашыжьну хунэмысауэ, зи зэфІэкІри, зи дунейри къебзыхьэкІа хъуа щІэблэм.

Нэхъыжь фыщІамэ,
И гъуэгу зэпымыупщІ,
Фыхъуу хабзэмыщІэ,
И гур хэмыгъащІ,
Арыншами пщІэркъым
Къыхуэна и ныбжьым
ИкІужьнур лІыжьым.
А гъуэгу закъуэр арми,
ФыІущІам нэхъыщІи
И гъуэгу зэпымыупщІ,
Фыхъуу гулъытэншэ.
Ар гуитІщхьитІ фымыщІ,
Арыншами пщІэркъым
Къыхэщыпль и гъащІэм
Хэзышынур щІалэр
А гъуэгу закъуэр арми.

Тхылъым и зы Іыхьэ яубыд усакІуэм и гурыгу-гурыщІэхэр къызэхэщ усэ хъарзынэхэм. КъэпсэлъыкІэ, гъэпсыкІэ, жыпхъэ - псори езым еижщ, зым и марди техьэрыжьым. Абы дэтхэнэ и зы тхыгъэри щІэщыгъуэ пщещІ.

«Усэ стхы щхьэкІэ, макъамэм сыпэжыжьэщ, зи къысхуэщтэркъым», - жеІэ Анатолэ. Ауэ щхьэкІи, и Іэдакъэ къыщІэкІаХэм усыгъэ макъамэм зыщимыІэт къахэгъуэтэгъуейщ. Ар псом хуэмыдэу щынэрылъагъущ сатыр къэс щІэзэщІэжьыуэ рифмэхэмкІэ псыхьа «Усэ Іэрамэм» и едзыгъуэ мыинхэу: «Хэт зи яГъэ?», «ГукъэкІыж», «Хэт и зэран?», «Щхьэхьнэ», жыхуиІэхэм.

Аруан Анатолэ и Іэдакъэщ1экІхэм увыпІэщхуэ щиубыдащ анэм хуиІэ лъагъуныгъэ мыкІуэщІым, зауэ зэман хьэлъэм, гумрэ псэкъеІэ гъыбзэм, ди адыгэ лъэпкъым.

Тхылъым итщ Жылау Арсен макъамэ зыщІилъхьа уэрэдхэр.

«ГъащІэм и гъуэгу»-р Налшык дэт «Принт-центр» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ 500 и бжыгъэу .

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Щіэпхъаджагъэ

Іулъхьэм напэр трех

Налшык дэс гарнизон судыр дэс къулыкъур езыхьэкІ гъунапкъэхъумэхэу Кот Павелрэ Дудченкэ Олегрэ теухуауэ къаІэта уголовнэ Іуэхум хэлъэри, дэтхэнэми сом мини 100 къуэдыуэ трилъхащ.

ГАРНИЗОНЫМ и дзэ прокуратурэ №316-м щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, 2000 гъэм щыщІэдзауэ 2014 гъэм и бжьыхьэ пщІондэ абыхэм контрактКІэ дзэ къулыкъур щрахьэкІащ Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и Гъунапкъэхъумэ Іэнатіэм. Юстицэм и подполковник Кот юрист чэнджэщэгъу нэхъыжьхт, подполковник Дудченкэ финансэкономикэ къудамэм и унафэщІт.

КъБР-м щыІэ Гъунапкъэхъумэ управленэм дзэ къулыкъур щезыхьэкІкІэм ящыщу тхум къалэныр Шэшэн Республикэм зэрыщагъэзащІэм къыхэкІыу я зыгъэпсэхугъуэм хущІагъуну е абы пэкІуэ ахъшэ иратыну хуитныныгъэ яІэт. 2011 гъэм дыгъэгъазэм и кІэм а гупым къаБгъэдэкІыу зым Кот Павел зыхуигъэзащ ахъшэр къазэрыІэхьэну щІыкІэм щигъэгъуэзэн папщІэ. Юстицэм и подполковникым жиІащ занщІэу жэуап иритыну зэрымыхьэкІэ жриІащ а тхум иратын хуейм и процент 20-р къыхуагъэнэнумэ, я Іуэхур зэрызэрихуэнур.

Къалъысын хуей ахъшэм щыщ Іыхьэ нэхъ мыхъуми къаІэрыхьэн папщІэ, ахэр арэзы техъуащ подполковникитІым къыхуагъэпэгъуам. 2012 гъэм и гъатхэпэм мэлыжьыхь мазэхэм Кот Павел зыхуэфащэ дэфтэр псори игъэхьэзыращ икІи ахъшэ иратыну унафэм Іэ щІадзащ тІуми.

Дудченкэ гъунапкъэхъумитхум сом мин 319,3-рэ яритащ, езым сом мин 80-м нэблагъэ къызэхуигъанэри (дэтхэнэ дзэ къулыкъущІэми сом мин 12-м щыщІэдзауэ сом мин 22-м нэс къыІахауэ къыщІэкІащ).

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ хэзыгъуэм и депутату щыта **Федорущенкэ Николай Филипп и къуэр** зэрыпІам къыхэкІыу абы и Іыхьэлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.